



AVI KONSÈNAN PRATIK ENFÒMASYON PRIVE

AVI SA A DEKRI KIJAN NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK KIJAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO TANPRI REVIZE AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE OU

Enfòmasyon pwoteje sou sante gen ladan enfòmasyon demografik ak enfòmasyon medikal ki konsène sante mantal ak sante fizik pase, prezan ak fiti yon moun. Enfòmasyon demografik yo ka gen ladan non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nenpòt lòt mwayen pou idantifye ou kòm yon moun espesifik. Enfòmasyon pwoteje sou sante gen ladan enfòmasyon espesifik ki idantifye yon moun oswa ki ka itilize pou idantifye yon moun.

Enfòmasyon pwoteje sou sante ou se enfòmasyon sou sante yon pwofesyonèl swen sante, yon plan sante, yon patwon oswa biwo santral swen sante kreye oswa resevwa. Depatman Sante kapab ajì kòm chak nan kalite biznis ki endike anwo a. Depatman Sante itilize enfòmasyon medikal sa yo nan anpil fason pandan y ap fè aktivite biznis nòminal yo.

Depatman Sante ka itilize oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou rezon tretman, peman, ak operasyon swen sante. *Pwofesyonèl swen sante yo itilize enfòmasyon medikal nan klinik yo oswa nan lopital pou ba ou swen sante. Yo ka divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou, avèk oswa san konsantman ou, ba yon lòt pwofesyonèl swen sante pou ba ou tretman. Depatman Sante ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pou jesyon dosye ak sèvis. Klinik oswa lopital Depatman Sante ka voye enfòmasyon medikal yo ba konpayi asirans yo, Medicaid, oswa ajans kominotè pou peye pou sèvis yo ba ou yo.*

Sèten anplwaye depatman an ka itilize enfòmasyon yo pou amelyore operasyon swen sante depatman an. Depatman an ka voye lèt ba ou pou fè ou sonje randevou, enfòmasyon sou chwa tretman ou oswa lòt avantaj ak sèvis ki asosye avèk sante ou.

Yo kapab divilge kèk enfòmasyon pwoteje sou sante san otorizasyon ou alekri, jan lalwa pèmèt sa. Kèk nan sikonstans yo se:

- Rapòtaj abi sou timoun, adilt ak moun ki andikape.
- Ankèt ki konsène yon timoun yo pa wè.
- Ankèt ak odit entèn divizyon, ajans ak biwo depatman an ap fè.
- Ankèt ak odit Enspektè Jeneral ak Oditè Jeneral eta a, ak Biwo Analiz Règleman Pwogram ak Responsablite Gouvènman an ap fè.
- Rezon sante piblik, tankou estatistik vital, rapòtaj maladi, siveyans sante piblik, ankèt, entèvansyon, ak règleman pwofesyonèl sante yo.
- Ankèt doktè egzaminatè medikal distri a;